**Әдебиятлар**

1. Президент И.Каримовтың Өзбекистан Республикасы ғәрезсизлигиниң жигирма төрт жыллығына бағышланған салтанатлы мәресиминде шығып сөйлеген сөзи. /«Еркин Қарақалпакстан» 2015-жыл 1-сентябрь №107 (19725).
2. Өзбекистан Республикасы социаллық-экономикалық раўажландырыўдың ғәрезсизлик жыллардағы (1990-2010-жыллар) тийкарғы тенденция ҳәм көрсеткишлери ҳәм 2011-2015- жылларға мөлшерленген прогнозлар. Статистикалық топлам. –Ташкент: «Ўзбекистон» 2011.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада мустақиллик йилларида мамлакатимизда олиб борилаётган ислоҳотларнинг натижалари баён этилган. Унда Республикамизнинг иқтисодиётини модернизациялаш босқичлари ҳақида фикр юритилган. Шунингдек, иқтисодий ривожланиш статистик маълумотлар асосида таҳлил қилинган. Мақолада ишлаб чиқаришни диверсификациялаш ва иқтисодиётда инвестициянинг аҳамияти масалалари ўрганилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье изложены результаты проведённых реформ в годы независимости. В ней указаны периоды модернизации экономики в республике, анализ развития экономики выполнен на основе статистических данных. Рассматриваются также вопросы изучения диверсификаций производства и значение инвестиции в экономике.

**SUMMARY**

The article presents the results of the reforms for the years of independence. It identifies the periods of economic modernization in the republic, the development of economy has been analyzed on the basis of statistical data. The author studies the issues of diversification of production and importance of investing in the economy.

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ХАЛЫҚТЫҢ БӘНТЛИГИ ҲӘМ СОЦИАЛ - ЭКОНОМИКАЛЫҚ ӨЗГЕРИСЛЕР

**О.Торебаев** - *экономика илимлериниң кандидаты, доцент*
**Г.Алиева** - *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** бандлик, ишсизлик, ижтимоий-иқтисодий сиёсат, меҳнат имкониятлари, иш ҳақи, пенсия, стипендия, меҳнат бозори, халқ турмуш даражаси, миллий иқтисод, миллий даромад, меҳнат қонунчилиги, бизнес, тадбиркорлик, кредит, бизнес – дастур, хизмат кўрсатиш.
**Ключевые слова:** занятость, безработица, социально - экономическая политика, трудовой потенциал, зарплата, пенсия, стипендия, трудовой рынок, социальное положение народа, национальная экономика, народные средства, закон труда, бизнес, предприниматель, бизнес-план, услуги.
**Key words:** employment, unemployment, social-economic policy, labour potential, wage (payment), pension, scholarship, labour market, living standards of the people, national economy, income, labour legislation, , business, businessman, credit, business plan, service.

Базар экономикасы шараятында мәмлекетимизде мийнетке жарамлы халықты жумыс пенен тәмийинлеў, жумыссызлықты сапластырыў ҳәм мийнет базарын тәртипке салыў бойынша социал-экономикалық сиясат алып барылмақта. Себеби, мийнет потенциалынан пайдаланыў нәтийжелилигин асырыў миллий экономикамызды раўажландырыў, халықтың турмыс дәрежесин асырыў жоқары раўажланған мәмлекетлер қатарына қосылыўдың тийкарғы дереги есапланады.

Ерисип атырған жетискенликлеримиз дүнья жүзи тәрепинен тән алынып атырғанлығы сыр емес, тийкарынан, жер жүзлик экономикалық форумы тәрепинен жәрияланған рейтингте экономикасы тез раўажланып атырған мәмлекетлер арасында 5-орынды ийелегени, сондай-ақ Бирлескен Мәмлекетлер Шөлкеми жәрдеминде АҚШтың Колумбия университети тәрепинен шөлкемлестирилген социал изертлеўлер тийкарында жәрияланған «Пүткил жәҳән бахыт индекси» нде елимиз 158 мәмлекет арасында 44-орынды, Ғәрезсиз мәмлекетлер ишинде 1-орынды ийеледи [1].

2014-жылдың жуўмағы менен Қарақалпақстан Республикасында жалпы аймақлық өним 8,4%, санаат өимлерин ислеп шығарыў 10,3%, тутыныў товарларын ислеп шығарыў 12,0%, қурылыс ислери 9,7% ке, хызмет көрсетиў 21,4%, пуллық хызметлер көлеми 12,5% ке өсти.

Аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў 6,1% өсип, дийханларымыздың тынымсыз мийнетлери ҳәм мәмлекетимиз тәрепинен фермер хожалықларына жаратылған кең имканиятлар есабынан өткен жылда 200 мың тоннадан артық пахта шийкизат жетистирилип, мәмлекетке тапсырылды.

Республика Президенти И.Каримовтың мәмлекетимизди 2015-жылда социал-экономикалық раўажландырыў жуўмақлары ҳәм 2016 - жылға мөлшерленген экономикалық дәстүрдиң ең тийкарғы бағдарларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң кеңейтилген мәжилисиндеги баянатында экономика ҳәм хызмет көрсетиў тараўының жоқары темплер менен турақлы өсиўи биз ушын ең тийкарғы бағдар болған - халық бәнтлигин тәмийинлеў, ең дәслеп кәсип-өнер колледжлери ҳәм жоқары оқыў орынлары питкериўшилерин жумысқа жайластырыў ушын зәрүр шараятлар жаратты.

2015 - жылда экономикамызды жоқары темп пенен турақлы раўажландрыўға ерискенимиз халықтың дәраматын және де көбейтиў, адамлардың турмыс дәрежесин асырыў ушын беккем тийкар жаратылды.

Бюджет шөлкемлери хызметкерлериниң ис ҳақысы, пенсия ҳәм стипендиялар 21,9%, халықтың жан басына жәми реал дәраматлар болса 90,6 % ке асты.

Атап өтилгениндей өткен жылы жалпы аймақлық өнимлер көлеми 10,7 санаат өнимлериниң көлеми 21,6 % хызметлер көлеми 18,3% өсти. Президентимиздиң басламасы менен бүгинги күнде дүньядағы нефт ҳәм газ санаатындағы ең ири жойбарларынан бири болған «Үстирт газ-химия» комплексинде қурылыс жумыслары жуўмақланып, өним ислеп шығарылмақта. Бүгинги күнде комплексте алып барылып атырған иске қосыў жумысларының өзинде 300 миллиард сүмға шамалас өним ислеп шығарылды. Ең тийкарғысы, ҳәзир бул жерде 1200 ге жақын жергиликли жаслар жумыс ислеп атыр [2].

Усылардың қатарында республикамыз санаатының басқа да тараўларында үлкен жетискенликлерге ерисилмекте. Атап айтқанда, «Тақыяташ ыссылық электр станциясы» нда 2013-2020- жылларда 700 млн. АҚШ долларына жақын инвестиция киргизиў есабынан қосымша еки пуў-газ қурылмаларын қурыў жумыслары басланып жиберилди. Қоңырат сода заводында баҳасы 109 млн. АҚШ доллар муғдарындағы инвестиция киргизиў есабынан жылына қосымша 100 мың тонна кальцийлестирилген сода ислеп шығарыў жолға қойылмақта. Бүгинги күнге шекем кәрханада жәми 100 млн. АҚШ долларына шамалас инвестиция өзлестирилди. Қурылыс материалларын ислеп шығарыўда быйылғы жылда қуўатлылығы 60 мың тоннадан аслам өним ислеп шығаратуғын «Титан цемент заводы» нда цемент ислеп шығарыў жолға қойылмақта.

Усылар менен бир қатарда Әмиўдәрья районында «Әмиўдәрья текстиль», Беруний районында «Астера текстиль» Хожели, Елликқала районында «Глобал текстиль» кәрханалары иске түсирилди. Бул жумыслар және де даўам еттирилип, келеси жылларда ески пахта заводлары орнынан баҳасы 79,6 млн. АҚШ долларына тез жаңадан төрт жеңил санаат кәрханасының қурылыўы ҳәм төрт кәрханада модернизация жумысларын алып барыў режелестирилмекте.

Халықтың бәнтлигин тәмийинлеўде ҳәм ең дәслеп кәсип-өнер колледжи питкериўшилерин жумысқа орналастырыў бағдарында өткен жылдың «Бәнтлик бағдарламасы» тийкарында 50000 нан аслам жаңа жумыс орынлары жаратылып, соннан 22000 нан асламы колледж питкериўшилери есапланады.

Әсиресе, мәмлекетимизде мийнетке жарамлы халықтың бәнтлигин тәмийинлеў мақсетинде бир қатар илажлар көрилип атыр. Соның ишинде:
–мийнет нызамшылығы еле де жетилистирилип, бәнтликке жәрдемлесиў ҳәм халықты социаль қорғаў орайлары хызмети күшейтирилмекте;
–жаңадан жумыс орынлары жаратып атырған жумыс бериўшилер хошаметлендирилип, оларға салық, кредит ҳәм басқа жеңилликлер берилип атыр;
–мийнет базарында жумыс күши сыпатында ҳәм бәсекиге шыдамлылығын асырыў илажлары көрилип атыр. Буның ушын мийнет ресурсларын кәсипке таярлаў ҳәм қайта таярлаў системасы және де жеделлестирилмекте;
–халықты жумыс пенен тәмийинлеўдиң ең нәтийжели қуралларынан болған киши бизнес, жеке исбилерменлик, тоқымашылық, хызмет көрсетиў ҳәм сервис тараўларын және де жедел темплерде раўажландырылмақта;
–халықтың социальлық қорғаўға мүтәж болған тәрепи материаллық жақтан қоллап-қуўатланбақта, олар ушын жумыс орынларын квоталаў тәртиби жолға қойылды;
–мәмлекет ҳәм жергиликли бюджет қаржылары есабынан ўақтша ҳәм жәмәәт ислери шөлкемлестирилип атыр;
-сыртқы ҳәм ишки миграцияны тәртипке салыўға итибар берилмекте.

Бүгинги күнде "Бизнес пенен шуғыллан" принципи тийкарында жеке исбилерменлик субъектлери ҳуқықлары ҳәм хызмети кепилликлери қорғаўын тәмийинлеў сондай-ақ исбилерменликти раўажландырыў жолындағы тосқынлық ҳәм шеклеўлерди сапластырыў арқалы оларды раўажландырыў барысында Қарақалпақстанда да бир қанша жумыслар әмелге асырылды.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2008-жыл 10-ноябрьдеги ПФ-4051-санлы пәрманына муўапық, киши бизнес ҳәм тоқымашылықты раўажландырыў жолы менен жумыс орынларын шөлкемлестириў ҳәм аўыллық узақ районларды микрофинанслық хызметлер бойынша ислеп шығылған бағдарлама тийкарында 2014-жылында микро-кредит банк тәрепинен жәми 21,0 млрд сўм, соның ишинде, Қараөзек

районына 631,0 млн. сўм, Қанлыкөлге 707,0 млн. сўм, Тахтакөпирде 712,0 млн. сўм ҳәм Шоманайда 792,0 млн. сўм, Нөкис районда 713,0 млн. сўм муғдарында жеңилликли ҳәм узақ мүддетли кредитлер ажыратып берилди. 2011- жылы 1548,8 млрд. сўм, 2012 - жылы 208,5 млрд, сўм, 2013 - жылы 271,4 млрд. сўм, 2014 - жылы 364,4 млрд. сўм кредитлер ажыратылды.

Жаратылған жумыс орынларының 42,1% ы киши кәрхана ҳәм микрофирмаларды раўажландырыў, соннан 33,3% ы (16686) хызмет көрсетиў ҳәм сервис тараўында; 1,5% ы (766) ири объектлерди иске түсириў кеңейтиў ҳәм қайта қурыў; 9,3% ы (4628) ислеп шығарыў, социаль ҳәм базар инфраструктурасын раўажландырыў; 0,8% ы (403) ислемей атырған кәрханалар хызметин тиклеў; 5% ы (2515) жеке тәртиптеги исбилерменликти раўажландырыўға; 18,9% ы (9463) үй мийнетиниң барлық түрлерин шөлкемлестириўге; 22,4% ы (11221) фермер ҳәм дийхан хожалықларын раўажландырыў есабынан жаратылды. Сондай-ақ жаратылған жумыс орынларының 88,7% ы аўыллық жерлерде ашылып, соннан 41,9% ы ҳаял-қызлар ушын шөлкемлестирилди. Бул мақсетлерге жәми 119,5 млрд. сўм яки бир жаңа жумыс орны ушын орташа 2,4 млн. сўм сарыпланды.

Көрилген бул илажлар нәтийжесинде 2013 - жылға қарағанда 2014 - жылы бәнт халық саны 610,5 мыңнан 621,0 мыңға, орташа ис ҳақы 1056,2 мың сўмнан 1221,6 мың сўмға шекем (157,7%) асқан. Жумыссызлар саны 39,8 мыңнан 35,7 мыңға ҳәм жумыссызлық дәрежеси 60,1% дан 54,0% ға, яғный 0,7% ға кемейди. Жаңа жумыс орынлары ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеўде өткен жылы орайлық банктиң қайта финансластырыў ставкасы кемейтилгени себепли исбилерменлер тәрепинен 2013 - жылға қарағанда 134,1% яғный 364,4 млрд. сўмлық кредит қаржылары өзлестирилди. Соның есабынан Қарақалпақстанда 2014-жылда 49827 жумыс орынларын жаратыў режелестирилип, әмелде 50062 (реже 100,5% ға) жаңа жумыс орынлары ашылды. Районлар кесиминде барлық бағдарлар бойынша жаратылатуғын жаңа жумыс орынлары бойынша ең жоқары көрсеткишти 101,1% орынланған районлар Қанлыкөл ҳәм Тахтакөпир районы, ал ең аз көрсеткиш Нөкис районы 100,1% орынланған. Соның менен бирге, жумыссыз иске жайластырыў ҳәм жаңа жумыс орынларын ашыў мақсетинде 2014-жылда мониторинг нәтийжелери бойынша республика бойынша 1098 объекттен жәми 8647 жаңа жумыс орынларын ашыў белгиленип 2014-жылдың жуўмағы бойынша 884 объекттен 7905 жаңа жумыс орынлары ашылып, бул илажлардың орынланыўы 91,4% ке орынланды. Президентимиз колледж питкериўшилери бәнтлигин тәмийинлеўди актуаль ўазыйпалардан бири етип берген еди.

2013-2014-оқыў жылында 103 академиялық - лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлерде жәми 26441 оқыўшы питкерген болса, кәсип-өнер колледжлерди питкерген 24114 оқыўшының (11682 қызлар) 21314 тиң (88,4%) бәнтлилиги тәмийинленген. Яғный 20341 (84,4%) жумысқа жайласқан, 973 оқыўшы (4,0%) жоқары оқыў билимлендириў орынларына оқыўға кирген.

Жасларды, әсиресе 5963 жаслар жалп етилген болып, соннан 3714 кәсип - өнер колледж питириўшилерин пайда еткен.

Жәми ярмаркаға (бәнтлилик ярмаркасы) 5963 жаслар жалп етилген болып, соннан 3714 кәсип-өнер колледж питкериўшилериниң 1145 жумысқа жайласыў ушын жоллама алып, соннан 1417 питкериўши жумысқа жайластырылды, ал 38 питкериўши ис ҳақы төленетуғын жәмәәт ислерине жиберилди, 2231 питкериўши мәсләхәт алған. Буннан тысқары 2014 - жыл коммерциялық банклер тәрепинен кәсип-өнер колледжлери питкериўшилерине өз бизнесин баслаў ушын 853 питкериўшиге жәми 6,7 млрд. сўм муғдарында (реже 101%) кредитлер ажыратылды [3].

Изертлеўлер нәтийжесинде жумыссызлық дәрежеси өсиўине тәсир етиўши факторлары анықланды: хожалық жүритиўдиң базар прициплерине өтиўи нәтийжесинде жумысшы орынлары санының қысқарыўы; кәрханаларға жаңа техника-технологиялардың енгизилиўи; заманагөй әсбап-үскенелер менен қуралланған қосымша кәрханалардың дүзилиўи ҳәм бул кәрханаларда бәнт болған қәнигелерден терең билим ҳәм тәжирийбе талап етиледи. Сондай-ақ, жумыссызлық дәрежеси өсиўине де экономикалық ҳәм социал факторлар да себеп болған.

Мәмлекетте бәнтликти оптималластырыў мәселеси төмендегише:

- хызметтиң көп түри менен шуғылланатуғын жеке кәрханалар, биринши гезекте, аўыл хожалығы өнимлерин қайта ислейтуғын кәрханалар, раўажландырылыўы халықтың тутыныў буйымлары, қурылыс материаллары жергиликли шийки затты қайта ислейтуғын кәрханалар, халық тутыныў буйымлары, қурылыс материалларын жергиликли шийки заттан ислеп шығарыўды хошаметлеў, сондай-ақ, жеке исбилерменликти кеңейтиўге шәрт-шараят жаратыў;
- хызмет көрсетиў тараўын раўажландырыў, әсиресе, аўыллық жерлерде халыққа көрсетилетуғын социаль– хызмет көрсетиў ҳәм қурылыс хызметлери түрлерин сезилерли дәрежеде кеңейтиў.


**Әдебиятлар**

1. Бош мақсадимиз − мавжуд қийинчиликларга қарамасдан, олиб бораётган ислоҳотларни, иқтисодиётимизда таркибий ўзгаришларни изчил давом эттириш, хусусий мулкчилик, кичик бизнес ва тадбиркорликка янада кенг йўл очиб бериш ҳисобидан олдинга юришдир -мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг «Мамлакатимизни 2015 йилда ижтимоий-иқтисодий ривожлантришнинг якунлари ва 2016 йилга мўлжалланган иқтисодий дастурнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг кенгайтирилган мажлисидаги маъруэзаси. /«Халқ сўзи» 2016, 16 январь, №11 (6446).
2. Каримов И. "Она юртимиз бахту иқболи ва буюк келажаги йўлида хизмат килищ - энг олий саодатдир". -Тошкент: «Ўзбекистон» НМИУ, 2015.
3. Абдирахманов Қ.Х., Абдирахманов Х.Х. Аҳоли турмуш тарзи ва даромадлари. Ўкув қўлланма. -Т.: ТДИУ, 2011.
4. Ўзбекистон Республикасининг "Аҳолини иш билан таъминлаш тўғрисида"ги Қонуни.
5. Қарақалпақстан Республикасы статистика басқармасы мағлыўматлары.



**РЕЗЮМЕ**

Базар иқтисодиёти шароитида меҳнатга яроқли аҳолини меҳнат билан таъминлаш, ишсизликни бартараф этиш, меҳнат базорини тартибга солиш муҳим ҳисобланади. Мақолада аҳолини меҳнат билан таъминлаш тадбирлари, бандликни оптималлаштириш, ишсизликни келтириб чиқарувчи омиллар каби масалалар кенг ёритилган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается вопросам трудообеспеченности людей в рыночных условиях, ликвидации безработицы, ведения активной работы по урегулированию дисциплины рыночного труда. В статье отражены мероприятия по обеспечению занятости населения, а также вопросы опитимизации занятости молодёжи.

**SUMMARY**

The article is devoted to the issues of labour employment in the conditions of the market economy in the country, liquidation of unemployment and other labor market regulations. The opportunities of occupied employment, issues of implementation of youth occupation have been studied in the article.


## TARIYX

# УЛЛЫ ЖИПЕК ЖОЛЫНДАҒЫ АРАЛ БОЙЫ ҚАЛАЛАРЫНЫҢ САЎДА ҲӘМ МӘДЕНИЙ БАЙЛАНЫСЫ


**Г.Акимниязова –** *ассистент оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** Устюрт текислиги, карвон-саройлар, миноралар, ҳунарманд ва савдо ўринлари.

**Ключевые слова:** Плато Устюрт, караван-сараи, башни, ремесленные и торговые места.

**Key words:** Plato Ustyurt, caravan-balaces, towers, handicraft and trade places.


Уллы Жипек жолы Мавераннахр қалалары сыяқлы Арал бойы Хорезм қалалары тарийхында үлкен әҳмийетке ийе болған. Үлкемиз қалаларының Жипек жолы мәдений диалоглар тарийхына тәсириниң еле де изертленбеген мәселелери бар. Атап айтқанда, саўда жолы тарийхында ҳәр бир Кубла Арал бойы, Хорезм алабының қаласы өз орны ҳәм әҳмийетине ийе болған. Әлбетте, Уллы Жипек жолы Арал бойының барлық қалалары үстинен өтпеген. Тек ғана географиялық жайласыўы қолайлы, раўажланған өнерментшилик санаатына ийе, саўда орайлары ғана бул жол менен тутасқан. Ерте орта әсирден баслап Арал бойы УЖЖ коммуникативлик системасының жетекши бағдары бойындағы елатларына айналды. Жергиликли қалалар Шығыс пенен Батысты тутастырған жол менен өз-ара қатнаслардың раўажланыўы, бир-бирине тәсирин күшейтти. Арал бойы қала турғынлары саўда ислери менен Шығыс ҳәм Батыс еллеринде белгили болды. Араб илимпазлары «Хорасан қалаларында көплеген Хорезм саўдагерлери жасайды» деп жазса, басқалары алыстағы Арал бойы жерлери шығыс еллерине қундыз, тыйын, түлки, ешки, оқ жай, славян, түрк қуллары, парша, сыр, темир, бронза қулыплар ҳәм т.б. өнимлер менен бирге алыстағы Қытайға замша, ғарбыз, ақ қант, қара дуз, гүмис қуйылмасы, соум өнимлерин алып барған. Өз гезегинде Қытай өними фарфор, селадон ыдыслары Үргениш, Миз-